# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–05 नवम्बर 2025 भोजपुरी समाचार

कातिक पुन्नवासी के मौका पर आजु पूरा देस में देव देवाली मनावल जा रहलि हौ। देवाधिदेव महादेव क नगरी काशी में इतिहासिक परम्परा वाली देव देवाली मनावे बदे लाखों सरधालु पहुंचल हवें। एहमन ढेरि संख्या बिदेस सैलानियन क भी हौ। काशी क देव देवाली में सामिल होखे बदे मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथो बनारस पहुंचल हवें। एगो रिपोर्ट–

***भगवान शंकर की नगरी काशी में आज गंगा घाटों पर देवो की अगवानी के लिए गोधूलि बेला के बाद देवालय, घाट, कुंड और तालाब 25 लाख दीपों की रोशनी से जगमग हों उठे। मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ ने नमो घाट से देव दीपावली महोत्सव का शुभारंभ किया। महोत्सव में इस वर्ष 25 लाख दिए जिसमें 10 लाख सरकार की ओर से और 15 लाख जन सहभागिता से दीप प्रज्ज्वलित किए गए। इनमें से एक लाख से अधिक दीये गाय के गोबर से निर्मित है, अबसे कुछ देर बाद गंगा पार आतिशबाजी भी शुरू होगी और लेजर शो भी श्रद्धालु देख सकेंगे। आकाशवाणी समाचार के लिए वाराणसी से मनीष सिंह।***

**********

कातिक पुन्नवासी के मौका पर आजु अन्हमुन्हरवें से सरधालु प्रदेस क पवित्र नदियन में डुबकी लगवलें आ पूजा–पाठ कइलें। येह सुभ मौका पर रामनगरी अजोध्या में आस्था क सैलाब उमड़ि परल। लाखों सरधालु सरजू क पावन धारा में डुबकी लगा के पुन्न लाभ क कामना कइलें। येह बिच्चे महिन्ना भर से अजोध्या में ठहरल कलपवासी अंवरा के पेड़े के निच्चे पूजा–पाठ कइ के कलपवास पूरा कइलें। कातिक पुन्नवासी पर बनारस, प्रयागराज, बलिया, बलरामपुर, गोरखपुर के साथे कई जिलन में पवित्र नदियन में नहाये बदे भिन्नहियें से सरधलुअन क भीड़ि देखल गइल। येह मौका पर नदियन के किनारे मेलो लागल रहल।

**********

सिख धरन क स्थापना करे वाले सिख लोगिन क पहिला गुरु नानक देव जी क पांच सौ छप्पनवीं जयंती आजु पूरा देस में धरमिक सरधा आ खुसी के साथे मनावल हा रहलि हौ। गुरु क यादि में प्रदेस भर क गुरुद्वार में गुरुवाणी कीर्तन के साथे लंगर सेवा क आयोजन कइल गइल। मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथो येह मौका पर आजु लखनऊ में आयोजित एगो कार्यक्रम में सामिल भइलें।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु लखनऊ में माफिया से मुक्त करावल गइल जमीनि पर बनल सरदार वल्लभ भाई पटेल आवासीय योजना क लोकारपण कइलें। येह मौका पर आयोजित समारोह में उहां के आरथिक रूप कमजोर वर्ग क बहत्तर परिवारन के फ्लैट क आवंटल पत्र सउंपलें। कार्यक्रम में मुख्यमंत्री कहलें कि ई आवास साफ सनेसा हौ कि माफिया से छीनल गइल जीमनि पर अब गरीबन क घर बनी।

**********

दस अउर इग्यारह नवम्बर के प्रदेस भर क उप निबंधन कार्यालयन में सम्पत्ति रजिस्ट्री क कार नाहीं होई। स्टाम्प अउर पंजीयन विभाग आठ से इग्यारह नवम्बर के बिच्चे अपने ऑनलाइन पोर्टल बदे क्लाउड सर्वर के बदले जा रहल हौ। आठ अउर नौ नवम्बर के दुसरा सनिच्चर अउर अत्तवार के छुट्टी के बाद सोम्मार–मंगर के उप निबंधक कार्यालय त खुली बाकिर आम लोगिन क कार नाहीं होई।

**********

नरेन्द्र मोदी सरकार की ओरि से कई क्षेत्रन में जीएसटी दरन में कटउती के साथे बाइस सितम्बर के सुरू कइल गइल जीएसटी बचत उत्सव से पर्यटन अउर आतिथ्य सेवा क्षेत्रो के खुबै लाभ मिलि रहल हौ। एगो रिपोर्ट–

***नये जीएसटी सुधार पर्यटन और आतिथ्य क्षेत्र को बढ़ावा देने के लिये बूस्टर डोज साबित हो रहे हैं। नये कर ढांचे के अंतर्गत 7 हजार 500 रुपये तक की कीमत वाले होटल के कमरों पर, कर की दर 12 प्रतिशत से घटाकर 5 प्रतिशत कर दी गई है। इसके कारण मध्यम आय वर्ग के लोगों का होटल में रहना अधिक किफायती हो गया है। इसी तरह दस से ज्यादा व्यक्तियों की क्षमता वाले बसों पर जीएसटी की दर में दस प्रतिशत कटौती होने से पर्यटकों के परिवहन व्यय में भी कमी आयी है। जीएसटी सुधार से पर्यटकों को जहां लाभ पहुंच रहा है वहीं पर्यटन को भी मजबूती मिल रही है। समाचार कक्ष से रीतेश।***

**********

मिर्जापुर में चुनार रेलवे स्टेसन पर आजु सबेरे रेलवे पटरी पार करत समय कालका–हावड़ा मेल रेलगाड़ी के चपेटा में आ गइले से छौ सरधालुअन क मउति हो गइल। जिला मजिस्ट्रेट पवन कुमार गंगवार बतवलें कि कातिक पुन्नवासी क पवित्र नहान बदे सरधालुअन के ले के गोमोह–प्रयागराज बरवाडीह पसिंजर रेलगाड़ी सबेरे नौ बजि के पनरह मिनट पर सोनभद्र से प्लेटफारम नम्बर चारि पर पहुंचलि। प्लेटफारम नम्बर चारि पर उतरले के बजाय सरधालु दुसरे ओरि उतरि गइलें अउर प्लेटफारम नम्बर तीनि पर पहुंचे बदे पटरी पार कइले क कोसिस कइलें बाकिर ओइजा से जा रहलि कालका मेल रेलगाड़ी क चपेटा में आ गइलें। येह दुरघटना में जांन गंवावे वाला सज्जो छौ जने क पहिचान सोनभद्र जिला क रहवइयन के रूप में भइल। मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ अउर केन्द्रीय मंत्री आ ओइजा क सांसद अनुप्रिया पटेल रेल दुरघटना पर सोक जतावत अधिकारी लोगिन के जुरते घटना वाले जगहि पर पहुंचे, राहत कार में तेजी लावे अउर घाही लोगिन क उचित इलाज सुनिस्चित करे क निरदेस दिहलें।

**********